

IDUL FITRI KANGGE NGRAKETAKEN KARUKUNAN LAN PASEDHEREKAN UNIVERSAL

اللَّهُ أَكْبَرُ (٩) لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلَهُ الْحَمْدُ
الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ عِيدَ الْفِطْرِ يَوْمَ الْجَاهِزَةِ وَالثَّوَابِ، يَلْبِسُ فِيهِ الْمُسْلِمُونَ أَجْمَلَ الشَّيَّابِ؛ إِسْتِعْدَادًا لِرِبَّاَرَةِ
الْأَهْلِ وَالْأَحْبَابِ، إِلْتِمَاسًا لِرِضاَرِبِ الْأَرْبَابِ، أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ التَّوَابُ،
وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمُصْطَفَى الْمَخْبُوبُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ
وَصَاحِبِهِ وَمَنْ تَبَعَّهُمْ مِنْ مَاضٍ وَآتِ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ! اتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا وَكَبِرُوهُ تَكْبِيرًا.

Jamah Idul Fitri rahimakumullah

Wiwit wingi sonten sampun kapireng kumandhanging takbir, tahlil, lan tahmid ingkang tansah saut sinautan ing saindenging jagad. Kumandhaning takbir mujudaken raos bingah lan Syukur awit sampun rampung anggenipun nindakaken siyam kanthi tilar nêdha ngombe lan sarêsmi, ugi lajêng nilar ing budi lan pakêrti ingkang cinacad, santun anindakakên budi lan pakêrti ingkang luhur, lan pinuji.

Enjang punika kita mahargya dinten bakda utawi 'Idul Fitri. 'Idul Fitri, têgêsipun: pista, manahipun sami bingah, jalaran sampun sami nglampahi kuwajibanipun kanthi sagêd nanggulangi godha. Dinten riyaya punika satunggaling dinten kangge ngetingalaken kabingahan. Kabingahanipun tiyang muslim wonten ngalam dunya inggih punika nalika saged nglampahi ketha'atan dhateng Allah. Allah ta'ala paring dhawuh:

قُلْ بِفَضْلِ اللَّهِ وَبِرَحْمَتِهِ فَيَدِلِّكَ فَلَيَفْرَحُوا هُوَ خَيْرٌ مِمَّا يَجْمَعُونَ (سورة يونس: ٥٨)

"Dhawuha sira Muhammad: "Tumurun ing al-Quran iku yekti kalawan kanugrahane Allah, lan rahmate", jalaran saka iku sira padha bungaha, lan hiya iku kang luwih becik tinimbang barang kang padha dikumpulake." (QS Yunus: 58)

Tiyang ingkang nindakaken siyam tamtu sagêd angraosakên kabingahanipun dinten Riyadi. Sapisan: anggadhahi raos lêga lan bingah dene sampun kalampahan sagêd anglampahi punapa ingkang sampun dipun niyatatakên, boten keguh ing panggodha. Kaping kalihipun: angraosakên eca lan nikmatipun têtéuhan ing sasampunipun angraosakên luwe ing salêbêtipun sawulan wétah. Ing ngriki ingkang pêrлу kula pèngeti minangka piwulang inggih punika: Sinten tiyanga

ingkang badhe ngraosakên eca sakeca, kêdah purun anglampahi luwe rumiyin.

Kasuksesan kasebat kita wujudaken kanthi waosan takbir, tahlil lan tahmid supados syiar Islam wonten ing negari kita ketingal regeng lang gayeng :

رَبِّنُوا أَعْبَادُكُمْ بِالْتَّكْبِيرِ

“padha maes-maesana dina riyayamu kelawan kumandanging takbir”

Jamaah Idul Fitri, kakung miwah putri ingkang minulya

Takbir ingkang tansah kita kumandhangaken nalika mapag dinten riyadi punika salintunipun kangge ngagungkaken asmanipun Pangeran ugi mengku suraos bilih namung Allah ingkang Maha Ageng. Sepintena kathahipun kasugihan kita, kados pundi agenging kuwasanipun, sepintena wiyaripun kapinteran, kedah ngeneti bilih kita punika nggadhahi fitrah lan kodrat namung **jejering titah sawantah jalma limprah** ingkang winates salwiring panjangkah. Kita menika kawulanipun Allah ingkang tansah hangrungkebi pakarti andhap asor, Lembah manah, mboten pantes angedir-diraken dhiri pribadhi. Sesongaran anggunggung dhiri. Amargi sifat takabbur punika mutlak kagunganipun Allah.

Swasana Idul Fitri punika mujudaken kalodhangan kangge ngasah pakerti tawadhu. Lumantar apura-ingapura, silaturahmi, utawi nyambung sih, sih-sinisihan antawisipun satunggal lan satunggalipun badhe tuwuh pakarti andhap asor. Sintêna ingkang rumaos gadhah kalépatan dhumatêng sasami lajêng wajib nêdha pangaksami, Langkung-langkung bilih dhumatêng sanak kadang, pawong mitra, tanggi tépalih tuwin sadhèrèkipun ingkang nunggil agami Islam.

Saben muslim punika sedherek ingkang karaketaken dening tangsuling iman lan kapitasodan ingkang sami. Amila kedah tansah lagi kerukunan lan nebihi cecongkrahan supados kita saged manggihi kabegjan. Dhawuhipun Gusti Allah ing dalem Quran:

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَاصْلِحُوهُا بَيْنَ أَخْوَيْكُمْ وَأَنْفُوا اللَّهَ لَعْلَكُمْ شُرَحُونَ ﴿١٠﴾

“Mesthine para wong Mu'min iku padha dadi sadulur, mulane sira padha angrukuna antarane sadulurira, Ian sira padha wedia marang Allah, supaya sira padha oleh Rah mating Allah. (al-Hujurat: 10).

Ngeneti bilih para manungsa punika yektosipun sadherek, langkung-langkung ingkang tunggil Bangsa tur tunggil Agami, tamtunipun inggih tunggil kabetahan. Amila saking panyuwun saha pangajeng-ajeng kita kados pundi kemawon sagedipun sami netepi wajibipun sajatining pasedherekan.

Jamaah Idul Fitri ingkang mimulya

Pasedherekan punika minangka satunggaling kabutuhan ingkang wigatos, ngeneti bilih kita mboten saged ngicalaken prabedan. Ananging kanthi semangat ukhuwah ingkang kabangun ing idul fitri sageda dayani wontenipun semangat ngribah prabedan dados rahmat. Prabedan punika mujudakaen kasugihan, sanes pepalang kangge nuwuhaken karukunan lan bedhamen.

Kangge njagi pasedherekan sesamining manungsa al-Qur'an minangka pandum pamdoming ngagesang sanyata sampun maringi rambu-rambu ingkang mawarni-warni ing jagad punika. Maringi para Muslimin sawenèh wawatekan saé tumraping babrayan, tuwin dhawuh dhateng para Muslimin supados sami nebihi lampah awon ingkang dados wisaning babrayan, awit wawatekan awon punika mitunani sanget dhateng pasadhèrèkanipun manungsa. Sumangga kita penggalih ayat menika:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا يَسْخَرْ قَوْمٌ مِّنْ قَوْمٍ عَسَى أَنْ يَكُونُوا حَيْرًا مِّنْهُمْ وَلَا نِسَاءٌ مِّنْ نِسَاءٍ عَسَى أَنْ يَكُنَّ حَيْرًا مِّنْهُنَّ وَلَا تَلْمِزُوا أَنفُسَكُمْ وَلَا تَنَابِرُوا بِالْأَلْقَابِ بِئْسَ الْإِسْمُ الْفُسُوقُ بَعْدَ الْإِيمَانِ وَمَنْ لَمْ يَتُبْ فَأُولَئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ

He para wong Mu'min! Sira aja memoyoki sagolongan marang golongan liyane , mbok manawa kang dipoyoki luwih becik tinimbang golongan kang memoyoki, Ian maneh para wong wadon aja padha angge guyu marang wong wadon liyane, mbok manawa wong wadon kang digeguyu iku luwih beeik ngungkuli tinimbang kang ang geguyu, Ian sira aja nacad marang awakira dhewe, Ian maneh sira aja parab pinarab kalawan paraban ala, Ala-alane jeneng iku fasik sawuse iman, Ian sing sapa ora gelem tobat mangka wong kang mangkono iku sajatine kagolong padha nganiaya. . (QS. Al-Hujurat [49]:11).

Terang dhawuh Allah ing ayat menika, menawi kita purun nahan hardaning dhiri pribadi, nyingkiri padudon lan nengenaken pasedherekan, mituhu dhawuh, estu kita badhe kaparingan rahmat dening Pangeran. Ayat punika njlentrehaken sawenèh piawon ingkang saged adamel karisakan ingkang tandhes tumrap dhateng babrayan. Ingkang cepak, piawon-piawon wau tuwuhipun sareng kaliyan bandha:

awit samangsa tiyang punika sakéca gesangipun, ingkang cepak lajeng sengsem ngraosi awoning sanès, dadosipun tresnaning pasadhèrèkan lan supeketing mimitran sirna, gegethingan satunggal dhateng satunggalipun dados gegentosipun. Nabi paring dhawuh:

Nabi sampun paring dhawuh:

لَا تَبَاغِضُوا وَلَا تَحَاسِدُوا وَلَا تَدَأْبُرُوا وَلَا تَنْعَزُوا عِبَادَ اللَّهِ إِخْرَاجًا

Aja sira padha-padha sakserik, padha-padha drengki lan padha-padha angungkuri. rukuna karo sepadhaning kawulaning Allah, jalaran Kabeh iku padha sadulur" (HR. Muslim)

Sawijining muslim lan sanesipun kedahipun saged samya angiyataken, samya damel kukuh sesambutan, samya nyawiji supados kiyat. Gêgambaran ingkang gampil tinampi rukun punika wontenipun namung trèsna, mboten remen menawi tiyang sanes ketingal awon. Gegambaranipun raos tresna, sih-sinisihan lan sikap ingkang ruruhyatmika ing antawisipun kados dene badan sawiji. Menawi wonten salah satunggaling anggota badan ingkang ngraos sakit, sedaya anggota badan lintunipun ugi kraos sakit lan boten saged sare.

الله أَكْبَرُ ، الله أَكْبَرُ ، الله أَكْبَرُ؛ لَا إِلَهَ إِلَّا الله؛ الله أَكْبَرُ؛ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلَهُ الْحَمْدُ.

Jamaah Idul Fitri Rahimakumullah

Piwulang bab pasadhèrèkanipun manungsa, kajumenengaken wonten ing agami Islam kalayan dhinasaran ing tatales ingkang sakalangkung wiyar (*universal*). Ingkang katuju boten ngemungaken titiyang mukmin kémawon. Kadhwuhaken, bilih sadaya manungsa punika kénging winastan sabrayat, déné lajeng dados pinten-pinten bangsa, pinten-pinten pancer tuwin pinten-pinten gotrah, punika kedahipun boten murugaken boten wanuh (kenal) nanging malah kedah murugaken langkung wanuh satunggal kaliyan satunggalipun. Ing dalem pasadhèrèkan ingkang wiyar (*universal*) punika ingkang dipun luhur lan saged ngungkuli satunggalipun, punika boten gumantung ing kabangsanipun, bandhanipun, utawi pangkatipun, nanging mirid pundi ingkang langkung bekti utawi langkung ngatos-atos anggènipun netepi ing kawajibanipun tegesipun ingkang langkung taqwa, dados terangipun, gumantung ing luhuring budipakarti. Allah dhawuh:

يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّا خَلَقْنَاكُمْ مِّنْ ذَكَرٍ وَّأُنْثَى وَجَعَلْنَاكُمْ شُعُّوبًا وَّقَبَائِلَ لِتَعْرِفُوا إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْ دَارِ اللَّهِ أَتْفَلُكُمْ

إِنَّ اللَّهَ عَلَيْهِمْ خَيْرٌ

He para manungsa! sayekti Ingsun wus anitahake sira kabeħ saka wong lanang lan wadon, Ingsun banjur andadekake sira kabeħ dadi pirang-pirang bangsa lan turunan, supaya sira padha wewanuhan weruh wineruhan, sanyata wong kang dianggep mulya mungguhing Allah iku wong kang luwih taqwa ing PanjenengaNe, sayekti. Allah iku Maha Uninga tur kang Waspada" (QS.al-Hujurat [49]:13).

الله أَكْبَرُ، الله أَكْبَرُ، الله أَكْبَرُ؛ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ؛ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلَلَّهُ الْحَمْدُ.

Jamaah Jum'at ingkang minulya

Pasadhèrèkanipun manungsa sakalangkung wiyar (universal) saged kajumenengaken wonten ing swasana idul fitri. Lumantar semangat halal bihalal utawi apura-ingapura. Tatacara makatēn punika sajatosipun agēng sangêt pigunanipun, lan lēbêt sangêt raosipun, awit manungsa punika rintēn dalu tansah kinêpang dening panggodha, ingkang nénuntun dhatêng para manungsa supados êcrah lan pasulayan kalihan sadhèrèkipun piyambak, mängka inggih êcrah punika tuking sadaya kacilakan, sawênèhing bāngsa utawi grombolaning manungsa ingkang sampun kalêbétan raos congkrah tuwin pasulayan, punika ngalamat badhe pêcah, ical kakiyataniipun, lan nistha ing gésangipun, asor drajadipun tuwin tangèh lamun manggih kamulyan, nabi dhawuh:

الْجَمَاعَةُ رَحْمَةٌ وَالْفُرْقَةُ عَذَابٌ.

"rukun gawe Rahmat, crah gawe siksa".

Karukunan punika minangka pawitan ingkang ageng kangge mujudaken ajuning bangsa kita. Tanpa karukunan mboten kawujud bedhamen, tanpa karukunan mboten bakal manggihi katentreman, mboten wonten karukukan mboten wonten Pembangunan. Kaamanan saha katentremanipun satunggaling papan mujudaken syarat kangge kantentremaning gesang. Menawi satunggaling masyarakat ayem tenterem tamtu saged makarya kanthi tumemen lan ngibadah kanthi khusyu'. Mila tanah wutah rah kita kedah tansah kita perdi dadosa negari ingkang ayem tentrem lan kebak sihing Pangeran utawi *baldatun thoyybatun wa rabbun ghafur. Mugya Allah ngijabahi, Amin.*

بَارَكَ اللَّهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيّاً كُمْ بِالآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ。إِنَّهُ تَعَالَى جَوَادٌ كَرِيمٌ مَلِكٌ بُرُّ رَوْفٌ رَحِيمٌ .

Kaserat dening Mukhlisin Purnomo, Penyuluhan Agama Islam KUA Kapanewon Wates Kabupaten Kulon Progo

KHUTBAH II

الله أكْبَرُ (٧×) لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ، الله أكْبَرُ وَللّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ للهِ مُعِيدٌ الجَمْعَ وَالْأَعْيَادِ، وَجَامِعُ النَّاسِ إِلَى يَوْمِ الْحُشْرِ وَالْتَّنَادِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ الْمَعَادُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمُفْصِلُ عَلَى جَمِيعِ الْعِبَادِ . وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ عَبْدِهِ وَرَسُولِهِ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَأَعْوَانِهِ وَسَلَّمَ تَسْلِيمًا كَثِيرًا.. أَمَّا بَعْدُ: أَلَا فَاتَّقُوا اللَّهَ عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ رَبِّكُمْ، أَطِيعُوهُ وَلَا تَعْصُوهُ، وَاحْمَدُوهُ عَلَى مَا مَنَّ بِهِ عَلَيْكُمْ وَاشْكُرُوهُ، كُونُوا لَهُ عَلَى مَا يُحِبُّ؛ يَكُنْ لَكُمْ فَوَّقَ مَا تُحِبُّونَ: (إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ)

فَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا يُهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلَوَا عَلَيْهِ وَسَلَّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَلِّي سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَلِلْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ أَعْزِّ الإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَأَذْلِّ الشَّرِكَ وَالْمُشْرِكِينَ، وَدَمِرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ، وَأَدِمْ عَلَى هَذِهِ الْبِلَادِ أَمْنَهَا وَرَحَاءَهَا، وَعِرَّهَا وَاسْتِقْرَارَهَا، وَسَائِرِ بِلَادِ الْمُسْلِمِينَ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اللَّهُمَّ وَفِقْ إِمَامَنَا وَوْلِيْ أَمْرَنَا خَادِمَ الْحَرَمَيْنِ الشَّرِيفَيْنِ لِمَا تَحِبُّ وَتَرْضِيْ، وَخُذْ بِهِ لِلْبَرِّ وَالتَّقْوَى، وَاصْلِحْ لَهِ بَطَانَتَهُ، وَمِنْعَهُ بِالصِّحَّةِ وَالْعَافِيَّةِ، وَاحْفَظْهُ مِنْ كُلِّ شَرٍّ وَسُوءٍ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ، اللَّهُمَّ وَفِقْهُ وَوَلِيْ عَهْدَهُ لِمَا فِيهِ عِزُّ الْإِسْلَامِ وَصَلَاحُ الْمُسْلِمِينَ، يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اللَّهُمَّ انْصُرْ بِهِمْ دِينَكَ، وَأَعْلِ بِهِمْ كَلِمَتَكَ، وَاجْعَلْنَا وَإِيَّاهُمْ مِنَ الْمُهَدَّأِ الْمُهَتَّدِيْنَ، يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ، اللَّهُمَّ وَفِقْ جَمِيعَ وَلَاءَ أَمْرُوْنِ الْمُسْلِمِينَ لِتَحْكِيمِ شَرَعِكَ وَاتِّبَاعِ سُنَّةِ نَبِيِّكَ مُحَمَّدَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. اللَّهُمَّ فَرِّجْ هَمَّ الْمَهْمُومِينَ، وَنَقِّسْ كُرْبَ الْمَكْرُوبِينَ، وَاقْضِ الدِّينَ عَنِ الْمَدِينَيْنَ، وَاْشْفِ مَرْضَانَا وَمَرْضَى الْمُسْلِمِينَ، وَارْحَمْ مَوْتَانَا وَمَوْتَى الْمُسْلِمِينَ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ. رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً، وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً، وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعَزَّةِ عَمَّا يَصِفُّونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِيْنَ وَالْحَمْدُ للهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ